



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ENTÈDI VWAYAJ KI PA ESANSYÈL NAN ETA MISSISSIPPI

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen yon dekrè egzekitif pou entèdi tout vwayaj eta ki pa esansyèl nan Mississippi. Dekrè egzekitif la mande tout ajans, depatman, konsèy ak komisyon Eta New York yo pou imedyatman revize tout demann pou finansman eta oswa vwayaj eta patwone nan Eta Mississippi ak pou entèdi nenpòt vwayaj ki jwenn finansman piblik ki pa esansyèl pou fè respekte lwa eta oswa sante ak sekirite piblik.

Entèdiksyon an, ki rantrè anvigè touswit, swiv adopsyon Mississippi kap pèmèt biznis ak gwoup non-pwofi yo refize moun sèvis sou baz oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl.

“Diskriminasyon se pa yon valè nan New York. Nou kwè divèsite se pi gwo fòs nou, e nap kontinye rejte politik divizyon ak eksklizyon,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Lwa Mississippi sa tris, enjistis rayisab konte kominote LGBT a, e mwen pap otorize okenn vwayaj ofisyèl ki pa esansyèl nan eta sa jiskaske li retire lwa a.”

Mwa pase, Gouvènè Cuomo te [entèdi](#) egalman, tout vwayaj eta ki pa esansyèl nan North Carolina, apre ke North Carolina te adopte yon lwa ki entèdi moun trans-seksyèl yo pou pa itilize twalèt ki apwopriye pou idantite seksyèl yo, ekskli oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl nan pwoteksyon anti-diskriminasyon eta, epi entèdi minisipalite yo pou etann pwoteksyon sa yo pou sitwayen LGBT.

[Nan 2015](#), Gouvènè Cuomo te entèdi vwayaj eta ki pa esansyèl nan eta Indiana apre ke lejislati eta te pase yon lwa kontwovès sou mezi libète relijye ki pa entèdi diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo. Aksyon Indiana te vin modifye annaprè pou anpeche ke yo itilize l pou diskrimine kont rezidan LGBT yo ansanm avèk vwayajè yo nan Indiana, e yo te [leve](#) entèdiksyon vwayaj.

Dekrè egzekitif Gouvènè a entèdi vwayaj ki pa esansyèl nan Mississippi disponib [la](#), e ou ka jwenn tèks la isit la:

ENTÈDIKSYON VWAYAJ ETA FINANSE OSWA PATWONE NAN MISSISSIPPI

ALÓSKE, Eta New York se yon lidè nasyonal nan pwoteje dwa sivil ak libète tout sitwayen li yo;

ALÓSKE, Eta New York nan ane 1945 te adopte premye lwa eta kont diskriminasyon nan peyi a, sa ki kounye a entèdi diskriminasyon sou anpil baz enkli laj, ras, kwayans, koulè, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, estati matrimonyal, ak andikap;

ALÓSKE, pwoteje dwa sivil ak libète pou moun madivin, masisi, bi-seksyèl, ak trans-seksyèl (LGBT) se yon se yon enterè enpòtan gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, pwoteje finansman diskriminasyon envolontè Eta New York kont moun LGBT yo se yon enterè enpòtan ke gouvènman eta sanksyone;

ALÓSKE, eta Mississippi te adopte lwa ki klèman otorize ak konsève diskriminasyon kont sitwayen LGBT ansnam avèk sitwayen ki pa marye yo;

ALÓSKE, nan yon sosyete lib dwa egal pou tout sitwayen, enkli sitwayen LGBT yo, dwe pwoteje ak cheri;

ALÓSKE, nan yon sosyete lib volonte anpil moun pa kapab baz pou diskriminasyon kont sèten;

ALÓSKE, se règleman eta New York pou ankouraje egalite, pwoteje byennèt sitwayen yo nan Eta New York, epi konbat diskriminasyon;

AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York an vèti pouvwa ak otorite ke administrasyon an te konfere m pa Konstitisyon an ak lwa yo nan Eta New York, deklare **ÓDONE EPI MANDE**:

- Tout ajans, depatman, konsèy, otorite ak komisyon pou revize tout demann pou eta finansse oswa vwayaj eta patwone nan Eta Mississippi osi lontan ke gen yon lwa anvigè ki kreye baz pou diskriminasyon kont sitwayen LGBT yo; e
- Pou entèdi nenpòt vwayaj leta finansse oswa eta patwone nan kote sa, sof si vwayaj la nesèsè pou aplikasyon lwa Eta New York, pou satisfè obligasyon kontra ki te la deja, oswa pou pwoteksyon sante piblik, byennèt ak sekirite;

Entèdiksyon Eta New York sou vwayaj leta finansse pral antre anvigè imedyatman e lap kontinye toutotan lwa sa rete anvigè.

###

Lèt Nouvèl anplis disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418